Plt. 25
Peti. 121

25
. 121

# Sadjarah para-Nabi.

# Bismillahir-rachmanir-rachim

Soendana mimiti njeboet djenengan Allah-taála, noe gédé machmoer ahanan di nagara doenja, djeung noe gédé kanjaäh-na ka sakabéh moémin di acherat, anoe dipoedji hënteu meu-nang pëgat anoe ngadamël sakabëhna álam.

Sanggeus moedji ka jang widi, amoedji nabi Moechammad salëllah-álaihi-wasalam, sarëng sachabatna sakabéh, sarëng sa-kabéh poetra"-na, sarëng sakabéh garwana, sarëngan poetrana sadajana sahabat-moesadjiril-ansar nëda sapaät; sarëng moedji ka para wali, anoe soemérén aja di tanah djawa djeung noe soemérén aja di tanah sébrang sakabéh, djeung noe aja di tanah Madinah djeung di Mëkah.

Djeung deui kaoela nëda rachmat ka adjëngan Goesti anoe langkoeng agoeng, moegi" salamët doenja acherat, sarta panë-nëda anoe njërat ijeu sadjarah, soemoehoen kitoe kénéh, moe-gi" dipaparin rachmat kae adjëngan anoe agoeng, sarëng moe-gi" pinarinan kanoegrahan sarëng sapaätna nabi kang moelja, ari anoe ditëda beurang-peuting, kangeunahan doenja-a-chérat.

Djeung deui aja hidji tjarita anoe aja dina kitab óemdatoel-ánsari, tatapi basa Soenda beunang min-dahkeun tina kitab rodlah chadis moetasamad, barang tjarita nétélakeun ngalahirkeun Goesti Kangdjëng nabi Moechamad salël-lah-álaihi-wasalam: „héh sakabéh oemat lalaki awéwé, koedoe pada nganjahakeun éta kana sadjarah loeloehoer kami, saha" djal-ma anoe njëratkeun ijeu sadjarah, atawa matja, atawa ngareu-ngeukeun baé, atawa maepoeloeran kanoe matja ijeu sadja-rah, atawa mangasoerkeun damar, pasti éta meunang gan-djaran gëdé kabina", atawa disimpënan baé, dianggap dji-mat, atawa digantoengkeun baé di imah; ketoe éta sabab-na ngagandjar ka tatangga imah, anoe matja ijeu sa-djarah, lamoen hënteu bisa matja koedoe ngadéngékeun baé kanoe matja sadjarah éta, tangtoe dipaparin daoelat gëdé pisan, salamët doenja-achérat, gandjaran para nabi sakabéh, djeung gandjaran anoe kadeuheus sarta loeloehoer, djeung loehoer däradjat. Gandjaran anoe ahli ibadah, dipaparin rachmat leuwih agoeng, éta wadjib moenggah sawarga.

Anoe ditangtoekeun éta djalma opat përkara: sahidji nabi

kadaewa walijaellah, katilae djalma anae paèh sahid, kaopat bilal; ari tĕgĕsna sahid tĕjo, njaeta djalma anae pĕrang sabilaellah djeung kapir taelaej paèh; ari tĕgĕsna bilal tĕjo, djalma anae sarĕgĕp adan; ari lĕjanna ti djalma anae opat, maenggahna sawarga, ĕta haekoem wĕnang baé.

Djeung deui saho" djalma matja sadjarah ijeu, setamana kaedae sidĕkah nijat ngamaemaelé rochna para rasael kabèh, ĕta tambah" gĕdé pisan gandjarannana ti Allah taäla, saraewa djeung ngadeuheusan sarébae kali ka Baètaellah, gandjaran ti gaesti nae agaeng, djeung deui saraewa djeung ngadeuheusan ka makam para nabi" sakabèh, djeung deui saraewa djeung ngadeuheusan ka makam para wali" kabèh, djeung deui saraewa djeung ngadeuheusan ka Madinah sarébae kali ngadeuheusan ka makam nabi", djeung deui saraewa djeung ngadeuheusan ka makam wali" sakabèh sarèwae kali, djeung deui saraewa djeung matja kaeran sarèwae kali tamat, djeung deui ĕta saraewa djeung kandjĕng nabi rasael dipaparin rachmat kae gaesti Allah anae agaeng, djeung saraewa baé pĕrang sabilaellah meunang sarèwae kali balĕkan sarta indjae, paetae, sanak, adi, lantjeuk, ibae-ramana, sakabèh karabatna, aki-baejaetna, djanggo-waringna, aedĕg" gantaeng-siwaena ĕta kabèh pada meunang sapäat, djeung deui pĕdahna saraewa djeung maenggah Hadji opat-rébae kali, sakaer anae matja sadjarah ijeu lalaki-awèwè, pĕdahna saraewa djeung anae sidĕkah ĕmas sagĕdé gaenaeng Oechaed digandjarna sarèwae kali.

Lamaen aja djalma powèk hatèna, ĕta kaedae geuwat matja sadjarah, saepaja dibaekakeun kae Allah taäla hatèna tĕrang ka nae hésé"; djeung lamaen aja djalma gĕring, mangka watjakeun kana tjai taelaej inaemkeun, mangka diwaraskeun kae Allah taäla; djeung lamaen aja djalma liwat langkaeng miskinna, kaerang sandang, kaerang pangan, maka geuwat" matja sadjarah ijeu, maka diparin rĕdjĕki kae Allah taäla loba" pisan; djeung lamaen djĕlĕma ngawaela hajang dipaké kaäsih kae pangawaelaännana, maka watjakeun kana sangae, maka ĕta dipaparin kae pangawaelaännana sĕrta disaegihkeun daenja-achèrat; djeung deui lamaen aja djalma sĕdja rèk tandaer paré, maka watjakeun kana sawah atawa haema

atawa tjégér, maka didjadikeun tatanénna kaœ Allah taála.

Djeung deui ngalahir Kangdjeng nabi Mœchamad salállah 'alaihi-wasalam, ari lahirna: „ lamœn aja djëlëma sok gëtolan matja sadjarah, lamœn ti këtjëmplung ka naraka, kami teh wirang kaœ pangéran; djeung deui singsaha" djëlëma di djëro haténa hënteu ngandël kana sadjarah lœlœchœr kami, pinasti papanggih djeung tjilaka dœnja rawœh ing achérat djadi kœfœr-kafir djeung mowal meunang sapaät ti kami; djeung deui saha" djalma anœ ngandël kana sadjarah lœlœchœr kami, lalaki-awéwé éta pinasti dipaparin rachmat kaœ Allah taála sarta salamët saœmœrna, sërta meunang kangœnahan-kasënangan kamœktijan dirina. Djeung lamœn matja sadjarah patjœwan œlah sok sija" œlah bari seuseurijan œlah dibawa œlin; djeung deui kœdœ bogo wœdlœ sarta œlah eukeur rëgëd, awakna kœdœ bërësih, kœdœ djœnœn masih ngadéngékeun ogé, lamœn hënteu djœnœn hënteu rësëp haténa, éta tjœmah alamat moal meunang mangpaät ti kami.

Djeung deui lamœn sëdja rék matja sadjarah, kœdœ ngœmpœlkeun djëlëma anœ ahli ibadah anœ satëngah ahli 'ëlmœ, tëgësna djalma anœ alim" anœ ahli njëpi tapana pœasa, djeung kœrang saré salat thaät saban" peuting, éta kërsana Gœsti Allah kitœ éta.

Djeung deui œrang tjaritakeun œmœr dœnja labana sakëti taœn kabéhna éta, ari eukeur mangsa tœrœn nabi Adam ti sawarga ka dœnja, kari salaksa taœn deui umœrna dœnja kabéhna; ari nœ salapan laksa diunggonan kaœ dœwa ratœ, sidji ratœ Maraœta ngaranna, dœwa ratœ Banaœdjan ngaranna.

Ditjaritakeun deui eukeur mangsa tœrœn nabi Adam ka dœnja kabëndon kaœ pangéran, éta nabi Adam djeung Babœ-hawa, asal tina ngadahar bœwah koldi, éta bœwah koldi dilarangankeun kaœ pangéran; ari nabi Adam djeung Babœ-chawa leumpangna ti sawarga, nœdjœ dina poéé Chëmis tanggal 3 bœlan Mœcharam taœn Wau pœkœl gënëp isœk tœrœn ka dœnja nabi Adam djeung Babœ-chawa njandangan dosa, sarta diiringkeun kaœ Malaikat ti harœp ti tœkang, kalangkœng tina wirangna, nabi Adam djeung Babœ-chawa nangis

liwat langkung nalangsa kabina², nalangsa ka salirana kae andjeun aja di Gaenaung Serandil, ari Babae-hawa ragragna ka Sjèin, nabi Adam aja di Gaenaung Sèlan, èta dipapisahkeun nabi Adam djeung Babae-chawa, sakalangkaung sangsarana djèlèma daewa tèh kabèndon kae pangèran; beurang peuting nararangis bae hènteu eureun², nèda hampaera ka pangèran, sakalangkaung matak karaenjana; ari lawasna meunang sangsara saratoes taoen, beurang-peuting hènteu eureun² narangis.

Katjaritakeun tjipanon nabi Adam ragragna kana keusik Gaenaung Serandil, djadi intèn lan mirah-sèlan, djeung djadi sagala pèrmata anoe èndah² èta asal tjipanon nabi Adam. Ditjaritakeun tjipanon Babae-chawa, ragragna kana keusik gaenaung Sjèin, èta djadi intèn-widaeri djeung maetiara anoe èndah, djeung djadi intèn djamraed, mirah, èmas lan salaka, njèta sagala tjipanon nabi Adam djeung Babae-chawa, tètkala kabèndon kae pangèran, mana-na djadi charam.

Keur mangoe kitae tèh dina waktae saebaeh katjida narangisna, taelaej salat daewa rakaät, ari geus salat meunang timbalan kae ageung: „hèh Adam, ajeuna dihampaera dosa manèh kae kami, ajeuna manèh didjadikeun radja di djèro alam-daenja, èta kae kami diserahkeun kabèh ka manèh saeusining alam daenja èta, djeung deui ajeuna kaedae tèjongan Babae-chawa masing kapanggih!"

Ari geus kitae ladjeng nabi Adam angkat, nèjangan garwana Babae-hawa, sarta diiring kae para malaeikat, sarèng malaeikat Djabrail.

Hènteu ditjaritakeun di djalanna, taelaej nèpi ka tanah mishin tègèlna tanah Mèkah, maka papanggih Babae-hawa di Gaenaung Arpat, taelaej dirangkael Babae-hawa tèh kae Kangdjeng nabi Adam, sarta pada narangis kalangkaung sèdih.

Ditjaritakeun nabi Adam djeung Babae-hawa èta ngadamèl baeni di tanah Djaedah, saeka baengah papangantein beurang-peuting, ladjeng ngandèg Babae-hawa. Barang nèpi ka salapan baelan ladjeng ngorn, pamègèt hidji, istri hidji, ari raepana hènteu sakaraepa, ajae nae kasèp ajae nae gorèng.

Katjaritakeun deui paetra nabi Adam djeung Babae-hawa

opat-paelaeh kaerėn labana, pamėgėt daewa-paelaeh, istri daewa-paelaeh, ari nabi Adam kahojongna anae hadė meunangkeun anae goreng; ari Babae-hawa tiba" anae hadė kaedae meunang anae hadė deui, anae goreng kaedae meunang anae goreng deui.

Ari geus kitae lahir nabi Adam ka Babae-hawa: „lamaen kitae mah karėp manėh, ataeh hėnteu adil, lamaen anae hadė didjodokeun djeung anae hadė deui mah!"

Taelaej Babae-hawa ngadjawab, saaerna: „kadjeun teuing da kaaela anae gadaeh anak, kaaela nae ngareuneuhkeun, kaaela nae ngadjaeraekeun, kaaela anae njaesaewan, da lain sampėjan!"

Ari saaer nabi Adam: „bėnėr pisan saréatna mah manėh anae boga anak, tapi sabėnerna mah ėta teh anak kami!"

Ladjėng njaaer deui Babae-hawa: „lamaen kitae mah hajae araeng pada ngawadahan mani kae tjaepae manik!"

Ari geus kitae ladjėng pada ngawaraedahan mani kae tjaepae manik, nabi Adam saréng Babae-hawa, sok diteundeun.

Barang geus nėpi ka salapan baelan, ladjėng pada maraeka tjaepae-manik; ari tjaepaena Babae-hawa ana dibaeka ditingali ėta mani bėt djadi gėtih taehaer. Ari tjaepaena nabi Adam barang dibaeka ėta mani djadi anak sarta pamėgėt, ladjėng dingaranan nabi Sis.

Lami" nabi Sis kagaengan garwa, tidinja ngandėg, barang nėpi ka salapan baelan ladjėng ngowo, dingaranan Ėnos"; paepaetra Asauė"; paepaetra Gėndang"; paepaetra Malik"; paepaetra Pakar"; paepaetra Idris"; anae matak dingaranan Idris, ėta gėtol ngadėrės kitab tilae-paelaeh djilid, nae disėbaet kitab panaedjaenan, ėta kabėh didėrės beunangpenting, lamaen euraeun ngadėreina ladjėng salat, ėta pangsalatna hėnteu pambirih kamaektijan daenja, tjiptana ngan acherat baé, anae didjaga teh panggonan anae posti, hėnteu aja ėnggon bagdja tjilaka lamaen geus babar pisan, hėnteu meunang ditabatan deui, hėnteu kena disingkahan kana kalėngkėpannana; ari wiwitan aja kalam ti wates nabi Idris, datang ka ajeuna saregėp anae naeli; paeaesa aenggal porré ėta diėanggo kaäsih kae nae agaeng, aja timbalan ti nae agaeng: „kaedae manėh naék gaelaentaenga ka langit ka taedjaeh lapis geuwat", saréng naék

ka langit éta sapanaoehan dipaparin kae pangéran; ari tidinja tilar ninggalkeun poetra tilae, ngaran Bagénda Raaen; Bagénda Raaen poepoetra Bagénda Mala; Bagénda Mala poepoetra Asawi; Asawi poepoetra nabi Noch di Ramêlah nagarana, kidoel-kaelon ti nagara Mêsir.

Nabi Noch poepoetra pamegêt hidji ngaran Kanaän, paéh kakeueum tjai; kadaeoa ngaran Bagénda Sam, djoeměněng Ratae tilae nagara: Mêkah, Roem, Samis.

Bagénda Sam ngaratoean katilae, njaéta djoeměněng Ratae Bani-israil, djěněnganana těměn sang Radja sahadat. Kaopat bagénda Japat, djoeměněng Soeltan Toerki, djeung soeltan nagara njaéta Japat, soeltan nitihan nagara pakai; ari tjék kaul sahidji, „ajjinah ja djoedja wama djaedja!" djaga dina powé kijamat kalaewar nja Ratae djěbina, ari raepana matak gila, matak sijeun, wama tjara chéwan kabéh, ari matana sagêdé² tampir, ari tjaelina raebakna watara sagêdé bilik imah opat rorang, ari haentaena sagêdé² baliaeng panggêdêna, ari tjingkir beungeutna sagêdé dogdag nae panggêdêna, éta sakitae kagarêdeanana.

Ditjaritakeun Bagénda Sam poepoetra Sangjang Rasah; Sangjang Pasak poepoetra Salih; Salih poepoetra nabi Saléh; nabi Saléh poepoetra Bagénda Jarab; Bagénda Jarab poepoetra bagénda Séchab; Bagénda Séchab poepoetra bagénda sachar; Bagénda Sachar poepoetra Sangijang Sachar; Sangijang Sachar poepoetra Bagénda Tachar; Bagénda Tachar poepoetra Patih Adjar; Patih Adjar poepoetra nabi Ibrahim Chalilaellah. Ari mantakna djadi nabi sabab dianggo karakêt kae jang agaeng hêntea sakêdép nétra, kalangkaeng diasihna nabi Ibrahim, saréng diganedjar dipaparin pigarwaeun hidji istri kalangkaeng geulisna, nja éndah kabina-bina, hêntea aja papadana, poetri bêtah tatapa, dingaranan Déwi Sarah; poetri geulis taja tandingna, lamoen ditingali ti kadjaoehan tênggih lampir, bêngkêh angkéng, geulis koneng mantak hajang, seungitna angin² nan, mambêk sêdêp wawangénna; lamaen ningali ratae mangkae rat Sam nagarana migawé kangeunahan sadjagat hêntea aja samana, agaeng dipaparin raehmat di daenja rawaeh ing achérat.

Ari asalna Déwi Sarah nae matak dianggo garwa kae nabi Ibrahim, bêtah tatapa, ari tatapana tilae pêrkara:

saperkara hěnteu kěrsa dahar, ari hěnteu djeung tatamoe mah, kitoe saoemoer²na eukeur aja djoemĕnĕng di doenja kénéh, lamoen dahar djeung tatamoe soeka boengah gara-ita; kadoewa tapana nabi Ibrahim, tatapana sarĕgĕp kana papadaewan hal élmoe djeung malaikat ambrih bĕnĕr élmoena kabéh; katiloe tapana nabi Ibrahim sarĕgĕp papadaewan djeung kapir marĕboetkeun ka pangéran, manana dipaparin rachmat soegih doenja moekti sari di doenja taja kakirang, ari keur mangsa papanganten eukeur sarĕng Déwi Sarah baheula tjara mimi², hĕnteu bĕnggang rantat-roentoet, papanganten ti beurang sarĕng ti peuting, misaoer kalakoean agama islam sabab ibadah anoe oetama dilampahkeun beurang-peuting.

Ditjarijoskeun Kangdjĕng nabijoellah Ibrahim aja manah kĕrsa rék ngaraoerag ka nagara oerang kapir nagara Babael noe kasĕboet Radja Namroed gĕgĕdéna kapir masrik sahabatna; noe ngiringkeun nabi Ibrahim teloe-ratoes éta lobana. Déwi Sarah sakalangkoeng nja chawatir ningali raka rék angkat mĕlang galeuh ka tjarogé.

Katjarijoskeun deui Déwi Sarah kagoengan pangeusi boemi, dingaranan Siti Chadjar asalna ti goenoeng Kaf, Déwi Sarah ladjĕng hatoeran oendjoekan ka tjarogéna: „ noen gesti nabi Ibrahim, sim koering gadoeh pihatoer ka pajoenan goesti, koering lamoenna sampéjan meunang pĕrang, pĕrang ngalawan kapir radja Namroed noe kasĕboet, moen sampéjan kaoengsi soemping moelih ka Bétalmoekĕdas sim koering sĕdja rék nadar-nadaran, koe salira adjĕngan Siti Chadjar saemangga tikah!"

Nabi Ibrahim ladjĕng ngalahir ngawalonan Siti Sarah: „ éh njai kakasih akang, pikir njai hĕnteu sabar, taengtaengna matak doraka ngababodo ka pangéran!"

Njĕmbah deui Déwi Sarah: „ ĕh akang saemoehoen dawoeh, lamoen kĕrsa goesti koe oendjeun ngawajaeh ka Siti Chadjar, saemoehoen koering doraka, ijeu mah kahajang koering timana meunang teu sabar!"

Katjarijoskeun Kangdjĕng nabi Ibrahim njĕos angkat ka nagara Babael ngaraoerag ka Radja Namroed, njandak balad teloe-ratoes.

Hĕnteu ditjarijoskeun di djalanna, tjarijoskeun soempingna baé ka nagara Babael noe kasĕboet, ladjĕngna nabi Ibrahim angkat njalira baé, asoep ka djĕro karaton, karatonna

radja Namroed, soemping ka karaton, radja Namroed eukeur linggih dina katil ĕmas; nabi Ibrahim ladjĕng tjalik, tjalik dina korsi ĕmas, dipajoenan radja Namroed.

Radja Namroed kagét ningali nabi Ibrahim soemping, radja Namroed ladjĕng ngalahir ka goesti nabi Ibrahim: „aéh Ibrahim, manéh rék naon datang ka hareupeun aing, hĕnteu nganggo tatakrama deui, djoemorodjog tampa larapan, harĕp manéh arék naon? sĕdja rék njĕrahkeun diri manéh téh? menta dihoeroep tjara baréto, panjana kami ĕnggeus paéh lĕbaer baebaek djadi lĕbae, ajeuna papanggih hiroep!"

~~Nabi Ka~~ Nabi Ibrahim ladjĕng ngalahir ka radja Namroed: „éh Namroed, kami noe matak datang, datang ka djĕro karaton dipiwarang koe goesti noe agoeng, pangandika goesti Allah taäla, manéh moendjoeh njĕmbah bĕrahala, sabab barahala djidjieunan manéh, diroepakeun wongatoewa disĕmbah koe manéh kénéh, pangnjĕmbahna sija:, lamoen kitoe manéh doraka, hĕnteu njaho noe ngadamĕl hoelae manéh; anggoer njĕmbah ka goesti Allah taäla noe ngadamĕl hoelae manéh, noe kagoengan boemi boemi-alam, noe jasa ngadamĕl boemi djeung langit, jasa ngaganndjar djeung njiksa, mapaiïn rasa djeung pikir, ngadjadikeun hoelae manéh, lamoen manéh hĕnteu njaho njoeta djĕnĕngan Goesti noe agoeng, djĕnĕngan Allah taäla. Djeung deui kami sĕdja rék nanja leuwih hadé, manéh koedoe njĕbaet ngoetjapkeun doewa kalimah lafad, ijeu noe dibatja: „ashadoe-anla-ila-hailĕllah, waäshadoe-anna-Ibrahim-chalilŏellah!" éta timbalan goesti noe agoeng; oepama manéh maoe noeroet kana paréntah kami ajeuna, tĕtĕp didjadikeun radja, maréntah nagara Babael, djeung ditambahan maréntah sadjagat kabéh, hĕnteu aja noe ngalangkoengan dina karadjaan manéh. Djeung manéh ĕnggeus kolot, meureun manéh dipoelangkeun kana oemoer lima-wĕlas taoen, djeung deui ditambah soegih dipapaiïn tikĕl doewa. Djeungna deui manéh lamoen geus nĕpi kana piadjaleun manéh, meureun manéh ditjawisan koe goesti noe langkoeng agoeng, sawarga leuwih loehoer djeung kamoeljaän manéh di doenja, rambaet hĕnteu katinggal kabawa kabéh asoep ka sawarga, éta kitoe timbalan goesti noe agoeng. Lamoen

manéh hénteu noeroet, ngabantah kana paréntah kami, ajeuna timbalan Goesti noe agoeng, koedoe ditenkteuk nja beuheungna masing djadi pĕnggĕl dawa, kitoe timbalan goesti noe agoeng, lamoen hénteu noeroet paréntah kami ajeuna; djeung deui timbalan goesti noe agoeng, njawa manéh meureun dialangkeun ka naraka leuwih sangĕt, koe malaikat toekang njiksa, kitoe timbalan goesti!"

Radja Namroed ladjĕng ngalahir ka salira nabi Ibrahim: „manéh koe kami dingaranan djalma goemĕdĕr, koedoe maréntah ka diri kami!"

Nabi Ibrahim ngalahir deui: „éh Namroed, sanadjan kami hénteu sijeun moemoesoehan reudjeung manéh, sanadjan kami sorangan, karana kami diraksa pangarangan Goesti noe agoeng, hénteu mawa karĕp sorangan!"

Geus kitoe ladjĕng ngadjawab radja Namroed bari bĕndoe ka goesti nabi Ibrahim, kijeu kalahirannana: „éh Ibrahim, kadjeun manéh diraksa koe pangéran, sanadjan kami hénteu sijeun moemoesoehan ngalawan pangéran manéh, kadjeun aja di langit, meureun tangtoe koe kami dipanah, mowal ènja hénteu keuna sanadjan rék ngadoe balad, masih kénéh loba balad kami, batan balad pangéran manéh!"

Geus kitoe ladjĕng ngalahir goesti nabi Ibrahim: „éh Namroed, lamoen manéh tatjan njaho, pangéran kami tara keuna koe panah, djeung tara keuna koe poepoes, pangéran kami mah!"

Radja Namroed ladjĕng ngadjawab: „éh Ibrahim, koe manéh dagoan baé didieu ajeuna koe kami rék ditéjang ka langit, tjoba hajang nangtang ènja!"

Radja Namroed ladjĕng ngalahir ka noedjoemna: „éh noedjoem geuwat sadijakeun toetoempakan kami ngaranna manoek gĕrgĕsi, sĕta teundeunan randjang kartil ĕmas, kaänggo sĕrtana manéh reudjeung noempakan manoek gĕrgĕsi!"

Ditjarijoskeun éta manoek liwat langkoeng nja gĕdé, gĕdéna sarawa djeung onta, djangdjangna salajar parahoe ketji, soewarana sĕrak², geus kitoe ladjĕng ditoenggangan radja Namroed, éta Noedjoem hénteu patinggal, ngiring toenggang manoek téja. Manoek hibĕr ngapoeng ka loehoer, ari datang kana méga euweuh sakendeung, ari ĕnggeus toeloej nangtang, kijeu nangtangna radja Namroed: „éh pangéran si Ibrahim, kami datang arék perang,

hajae bidjil oerang pèrang reudjeung kami!"
Radja Namroed panangtangna doewa-tiloe kali pasana, tae-loej manah, sĕdjana manah pangeran.
Katjarijoskeun radja Namroed panahna ladjĕng ditjandak koe malaikat Djibrail, njandak gĕtih djeung daging dianggo ngaosapan panah, ari ènggeus diragragkeun ka hareupeun radja Namroed èta panah, diilikan didjeueung pinaeh koe gĕtih djeung daging poegaeh ènggeus njata, radja Namroed ladjĕng njaoer bari taeka baeungah:„ dalah pangèran si Ibrahim ènggeus paèh, tandana gĕtih djeung daging anoe aja dina panah, hajae noedjoem oerang maleung, gewat boro si Ibrahim!"
Radja Namroed ladjĕng taeraen dibawa koe manoek Gĕrgĕsi, ari soemping ladjĕng njaoer ngalahir ka nabi Ibrahim:„ èh Ibrahim, pangèran manèh ènggeus paèh, paèhna koe panah kami, aja tanda ènggeus njata, tandana gĕtih djeung daging anoe aja dina panah, hènteu ngandĕl tjoba tendjo anoe aja dina panah!"
Roepana gĕtih djeung daging, nabi Ibrahim ladjĕng ngalahir ka radja Namroed:„ èh manèh gèlo katjida, moral ènja pangèran kami keuna koe panah atawa koe djamparing; balik manèh ajeuna rèk noeroet ka parintah kami atawa hènteu?"
Radja Namroed ngadjawab:„ èh Ibrahim, kami hènteu rèk noeroet ka parintah manèh, pèrang baè hajae!"
Ari geus kitoe ngalahir nabi Ibrahim:„ hadè manèh ari rèk ngadjak pèrang mah, dagoan koe manèh heulaän, aing rèk ngoempoelkeun balad aing sĕrta gagaman!"
Djawab radja Namroed:„ hadè, didagoan koe kami!"
Ladjĕng nabi Ibrahim salat doewa rakaät, nèda² ka pangèran, nèda pitoeloeng.
Katjarijoskeun malaikat Djibrail soemping sĕrta njandak piwarangan jang agoeng:„ èh Ibrahim Chaliloellah, panèda sampèjan èta ditarima koe Allah taäla, tangtoe meunang didatangan bala ti pangèran, ari roepana reungit, ari gĕdèna sagĕdè² hajam djago anoe panggĕdèna tèja, sĕrta datang pada njarongtjongan ka balad² na radja Namroed, sakoer noe hènteu noeroet ka sampèjan èta djĕlĕma kapir kabèh, lamoen tobat mah èta koe sampèjan koedoe dipopojankeun heula ka radja Namroed, jen kitoe timbalan Goesti jang agoeng!"
Ari geus kitoe ladjĕng mulih deui malaikat Djibrail.
Tadoej nabijoellah Ibrahim ladjĕng angkat ka radja Namroed,

lahirna: „héh Namroed, mangké rék datang bala ti pangéran ka manéh, ari roepana reungit serta galédé sagĕdé" hajam djago, datang ka manéh pada njarongtjongan serta balad" manéh tangtoe binasa kabéh, meureun oepama manéh tobat ka pangéran, tangtoe éta reungit téh dibalikeun deui!"

Ari geus kitoe kadjeng radja Namroed téh ngadjawab ka nabi Ibrahim: „héh Ibrahim, manéh oelah tjara ka boedak leutik, aing mah lain boedak leutik disingsieunan, bari moestahil ĕnja reungit sagĕdé" hajam djago, ngadéngé ogé kakara ajeuna; héh Ibrahim, oelah doewa tiloe kali manéh ngomong kitoe ka kami, hĕntoe pantĕs éta téh!"

Kadjeng nabi Ibrahim ngalahir deui ka radja Namroed: héh Namroed, éta manéh salah tarima, hĕntoe beunang dipaké kanjaäh, moal kaengsi sadjam deui ogé éta reungit datang ka manéh, pada njarongtjongan!"

Hĕntoe sabaraha lilana, éta reungit pada daratang, barang radja Namroed njeueung reungit bériboe" lobana sarta galalĕdé pisan, toeloej radja asoep ka djĕro gĕdong beusi boeni kabina"; oelah pon reungit bisa montjor ka djĕro gĕdong, sanadjan sieur ogé moal bisaeun.

Katjaritakeun éta reungit datang sarta sawarana kawas sora njiroean pindah bae pating garoemoeng, toeloej pada njarongtjongan ka djĕlĕma kapir oerang nagara Baboel éta kabéh sakoer djĕlĕma kapir pada paéh ditjongtjongan reungit, moni pada gĕmpar kabéh banghé djĕlĕma kapir patoelajoh. — Ari geus kitoe Allah taala ngadjadikeun reungit langkoeng tina lĕmbaetna, aja sagĕdé reungit pangleutikna pisan, aboes ka djĕro gĕdong beusi radja Namroed, ari lobana aja tiloe: anoe aboes kana tjoeliu radja Namroed teroes kana oeteukna sakali; anoe hidji aboes kana djĕro irangna, liwat langkoeng njĕrina radja Namroed, datang ka abroeg-abroegan bari ngadagor" keun hoeloena kana gĕdong-beusi, djoedjoengkĕlan, hĕntoe lila deui toeloej paéh radja Namroed.

Radja Namroed sakaratna meunang toedjoeh poeré toedjoeh peuting lilana.

Sanggeusna kitoe di nagara Baboel hĕntoe aja djĕlĕma kapir, béjak paraéh kabéh ditjarongtjongan reungit noe hĕntoe kira" lobana bari galĕdé pisan.

Dèmi geus kitoe Kangdjeng nabi Ibrahim ladjeng angkat ka boemi ibae-rama, barang soemping nabi Ibrahim ka ibae-ramana ladjeng nabi Ibrahim ngalahir: „ noen ibae-rama, moendjeuh ajeuna mah oelah njaembah kana bèrhala tèh, ~~ka~~ karana èta pagawéan sètan anoe kitoe pètana tèh, kalakoean sètan matak doraka!"

Barang ibae-ramana ngareungeu kalahiran poetrana jèn kitoe, teroes ramana ngadjawab ka lahiran poetrana: heh Ibrahim, naha mana manèh bogá omong sakitoe ka kami, hènteu pantes nja omongan kitoe tèh, karana kami hènteu rék sèdja salin agama, sabab toetoerœnan ti nini, aki, baejoet, baok, djangga-waréng kami masih datang ka paéh ogé, hènteu sèdja aboes islam, kami hènteu sèdja salin agama, djeungna deui kami tèh geus kolot, hènteu oemoem, tjick deungeun² aja kolot noeroet ka boedak, hènteu moepakat katjida!"

Barang nabi Ibrahim ngarongoe lahiran ramana kitoe, ladjeng nabi bèndoe sarèng ladjeng narik pèdang kagoengan nana dipotong beuheung ibae-ramana, teroes paéh harita kènèh ngadjalolor. „ Ari sanggeusna maehan ibae-ramana ladjeng nabi Ibrahim moelih ti nagara Babael.

Hènteu ditjaritakeun di djalanna, soemping ka Bètalmoekadas sarèng bala² kabèh, ladjeng dipapag koe garwana Déwi Sarah, ladjeng Déwi Sarah oendjoekan ka nabi Ibrahim, lahirna: „ noen goesti nabi Ibrahim, djisim koering dangèt barèto gadoeh nadar teja ka adjeungan, lamoen sampéjan meunang pèrang djeung radja Namroed sarta salamèt salira sampéjan, èta siti Chadjar koedoe ditikah ajeuna, wadjib èta koe sampéjan lampahkeun, sabab nadar sim koering!"

Hènteu ditjarijoskeun pandjang² kalakiranana ladjeng ditikah siti Chadjar tèh. „ Sanggeus papanganten lami² garwana Siti Chadjar ladjeng ngandeg, oelatna parijos, padaharannana geus mèlendoeng.

Èta Déwi Sarah sakalangkoeng bèndoena dina sadjeroning manah, lahirna: „ ari kami geus sakijeu lawasna tatjan reuneuh, ijeu anjar kènèh geus reuneuh!"

Katjarijoskeun Déwi Sarah hènteu beunang didenkoetan koe tjaroge na, Déwi Sarah ngan moerang-maring baé, arina disaoer mèrèngoet bari ngadjebian, lamoen diadjak

saré dikeukeupan kae nabi Ibrahim, Déwi Sarah maentĕl baé dina djĕro kampaeh, ari rék diambaeng ngalijeus sarta bari ngalĕlewaän reudjeung ngaetjap dina salĕbĕting galih: „ijeu djĕlĕma saaepama lain nabi, pasti kae kami tĕh dipandjara saepaja ngarasa njĕri, ngan saepaja ijeu djĕlĕma tĕh nabi, njaäh kae kanabiannana, djeung deui diangkĕn sanak rakĕt kae gaesti jang agaeng, bisina tjilaka lahir-batin!"

Ari geus kitae Déwi Sarah ladjĕug hataeran ka Kangdjĕng nabi Ibrahim: „naen gaesti, éta Siti Chadjar kae sampĕjan djaaehkeun aelah katĕndjo kae mata kaering, karana hĕnteu bisa nahan amarah!"

Nabi Ibrahim ladjĕug ngalahir salĕbĕting manah, lahirna: „djaga baring-saepagi, anak" putae kami lamaen boga kiwé daewa dikaelak disaimahkeun, éta charam chaekaemna, karana aja tandana kae kami geus dilakonan, kaliwat pisan njangsarana djadi lara-wirang, sapeupeuting ngan sĕdih anae aja!"

Ladjĕug mĕdal nabi Ibrahim ti pasaréan; ari isaek" ladjĕug nabi Ibrahim amit ka garwana Déwi Sarah: „nji ratae, paen kakang amit ka njai, kakang rék leumpang ka Mĕkah!" Déwi Sarah ningali baé hĕnteu ngawangsael, ngan ngaetjap salĕbĕting manah baé Déwi Sarah bĕndae, sabab tjaewa kae kageulaehna sapeuting kae kami teu diladeian, ari kĕrsana hajang ladjĕug kahataeran; Déwi Sarah katingali baerinjaj waeana haeraeng, tapi teu ditolih, ladjĕug baé angkat sarĕng garwana Siti Chadjar, angkatna hĕnteu taeraet djalan, njorang leuweung langgong, sarta nintjakna batae laleutik liwat saking njĕrina dampal sampĕjanna, angkat kaliwat sangsarana, sabab sijeun kae ratae baeraebaé bok manawa disaesael piwarangan.

Hĕnteu ditjarijoskeun sabaraha lawasna di djalanna, katjarijos saempingna baé ka tanah Mĕkah, ladjĕug kaelĕm di leuweung.

Katjapkeun Siti Chadjar ngandĕgna geus meunang salapan baelan, karaos padaharannana sĕnae rék ngowo; hĕnteu lila deui taelaej ngowo di nae langka pisan tjai ngowana tĕh, hĕnteu aja pisan tjai barang satangkĕrok oenoentjang, pikeun njiraman anae mantas ngowo.

Nabi Ibrahim laempat nĕjangan tjai baelak-balik hĕnteu pisan manggih, sabab langka pisan tjai.

Katjarijoskeun éta maeraugkalih gaegaerindjalan ka taneuh,

ari nèpi kana tanah èta dampalna nintjak taneuh, toeloej kaloewar tjai tina oeroet tapak moerangkalih tèja, hèrang katjida, maka dingaranan tjai djamdjam, ladjèng Siti Chadjar siram bèbèrèsih sarèng moerangkalih tèja disiraman, ari geus bèbèrèsih ladjèng dipangkon èta poetrana koe Siti Chadjar.

Ditjarijoskeun aja kafilah liwat djalan, barang nendjo jèn aja istri mangkon moerangkalih langkoeng bèrèsihna, toeloej èta kafilah njampeurkeun, sèrta naros: „ èh nae mangkon moerangkalih, ari njai oerang mana, èta wèt ngom di leuweung kijeu ² tèuing? djeung deui sasari mah tara aja tjai, ari ajeuna bèt aja tjai, timana èta asalna?"

Ladjèng Siti Chadjar njaoer: „ èh kafilah, kaoela tèh garwana nabi Ibrahim, ari nae matak datang kadijeu kaoela kaboeroe ngadjaroe, satimin ² na ijeu tèh poetra Kangdjèng nabi Ibrahim, ari ijeu tjai moedjidjatna ijeu moerangkalih, ari nabi Ibrahim tatjan soemping eukeur nèjangan tjai kènèh!"

Ari geus kitoe toeloej kafilah ngaloewarkeun sindjang, sarta dihatoerkeun ka Siti Chadjar sarèng kadaharan, karana èta kafilah paingetna jèn èta bakal djoemènèng nabi leuwih moeljana, sanggeus kitoe toeloej kafilah leumpang deui.

Katjarijoskeun Kangdjèng nabi Ibrahim malih mantoes nèjangan tjai hènteu manggih, ari soemping ningali aja tjai di gigireun moerangkalih leuwih hèrangna, djeung geus nganggo sinboet èta moerangkalih tèh, sarta ngagèdengkeun kadaharan. „ Ari geus kitoe nabi Ibrahim mariksa ka Siti Chadjar: „ èh njai, timana asalna èta tjai, panganggo djeung kadaharan tèh, bèt geus sadija timèn, timana meunangna?"

Ladjèng Siti Chadjar oendjoekan: „ kaoelanoen goesti, ari ijeu pèrkawis tjai asalna poetra adjèngan kakolosodan, kakodèjalan nintjak taneuh, hènteu antara deui ladjèng bae bidjil tjai tina djèro taneuh; doepi pèrkawis sindjang sarèng kadaharan, kawitna aja kafilah liwat djalan ningali sim koering, keur mangsa harita sim koering keur mangkoe poetra adjèngan, toeloej èta kafilah njampeurkeun sarta nanja ka sim koering, omongna: „ njai tèh oerang „ mana, bèt mangkoe moerangkalih di leuweung kijeu ² timèn? „ djeung bèt èta aja tjai, sasari mah tara aja tjai?"

Toeloej sim koering ngomong ka èta kafilah, tjik sim koering: „ ari kaoela garwana Kangdjèng nabi Ibrahim ngadjaroe didijeu, ari asalna noe matak aja tjai, moe-

djidjatna ijeu maoeranghalih!" ladjeung baé éta kafilah méré sindjang saréng ijeu kadaharan, nja kitoe pisan paoewana!"

Ari geus kitoe ladjeung nabi Ibrahim ngabdas, ari geus ngabdas ladjeung salat, moedji ka Allah: „soekoer alhamdoelillah-hirabil-álamin!"

Sanggeusna salat ladjeung nabi Ibrahim midamél gědong sahidji batoe, anoe didamél tjara babakan, ari dangdananana toedjoeh deupa, lěgana pasagi ngan rada pandjang, tjara parahoe sěmoena, toedjoeh-wělas deupa loehoerna, sakalangkang panténa, saréng nganggo talang di loehoerna, ari djoeroe kidoel-wétan ditundeunan Chadjar-Aswad, témbong saperti rarahi manoesa roepana, ari asalna éta ti sawarga-loka, tjandakan nabi Adam ditundeun dina gěbjog Bétoellah ti djěro; saha" djěléma anoe njijaran éta ngaran Chadjar-aswad mandjing sawarga agoeng. Ari éta gědong ngoeridjěna lamoen ditingali běněr ngalér-ngoelon, njaéta noe dingaranan „kábatoellah" tĕja, ajeuna paranti anoe tawaf.

Ari anoe moenggah Hadji sabeulah ngoeridjoer-ngétan-ngidoel, éta wadjib tawaf anoe moenggah Hadji toedjoeh kali, koekoerilingan toedjoeh koeriling, sabab ngabělaän keur waktoe nabi Ibrahim néjangan tjai tĕja, djeung manana djělěma éta koedoe loeloempatan toedjoeh balikan, ajeuna djadi „tawaf Sai" ngaranna, mana wadjib roekoen Hadji leumpang djaoeh ka těgal „Antara-wijah" ngaranna, dina goenoeng Arpat sapeuting, sabab djadi saperti oerang ngabělaän gaesti nabi Ibrahim enkeur angkat ti nagara Baboel éta kitoe asalna noe matak ajeuna saha" djělěma noe moenggah Hadji koedoe kitoe.

Ditjarijoskeun deui Kangdjeung nabi Ibrahim kěrsa gilir ka Bétal-moekdas, hěnteu ditjarijoskeun gilirna sakali-doewa kali mah; katjap nabi Ibrahim éta popojan ka Déwi Sarah, mopojankeun jén Siti Chadjar geus ngowo poetrana lalaki sarta kasép roepana.

Déwi Sarah barang ngadangoe popojan tjarogéna jén Siti Chadjar geus ngowo, sakalangkang měrěngoetna sarta manahna njěri, Déwi Sarah ladjeung běndoe ka rakana, Déwi Sarah rék angkat ka nagara Baboel, angkatna toetoeloejan. Angkatna Déwi Sarah téh bari napsoe baé, sarta angkat njatjat baé, djeung dina manahna: „moegi" tuing ka gaesti

jang agoeng, éta anak siti Hadjar dipaéhan!" Éta dina sakĕrĕtĕging manah Déwi Sarah kaoeninga kaoe jang agoeng, ladjĕng Gousti jang agoeng ngadawoehkeun timbalan ka nabi Ibrahim: „éta anak manéh koedoe dipeuntjit koe manéh sorangan, masing datang ka paéh!"

Hatoeran nabi Ibrahim: „soemangga, oelahpon anak, sanadjan diri sim koering ogé adjĕngan nae kagoengan;" tatapi hatoeran sakitoe ogé diloear baé, ari manahna mah hĕnteu bĕrĕsih hĕnteu ihlas, ngan kĕrsa adjĕngan téh kaniaja teuing, boga anak hidji dipiwarang dipeuntjit, koma-koma boga dawatiloe, ijeu mah anak ngan saéiki dipiwarang dipeuntjit pisan. Geus kitoe kaoeninga sakĕrĕtĕging manah nabi Ibrahim, karana Allah taála éta langkoeng oeninga ka ati manoesia, ladjĕng Allah ngadawoehan ka malaikat Djibrail: „ajeuna manéh toeroen ka doenja ka imah kakasih aing nabi Ibrahim, eukeur djararingkileun atina, dawoehkeun wahjoe kami ka kakasih kami!"

Katjarijoskeun nabi Ibrahim waktoe harita eukeur tjaralik djeung rajina Déwi Sarah, tjalikna reurendjeungan dina katil émas; toeloej aja nae soemping ka boemina nabi Ibrahim lobana tiloean sarta kararasép bari ngarora kénéh; barang nabi Ibrahim ningali aja tiloean tatamoe soemping ka boemina, nabi Ibrahim kalangkoeng boengah manahna, Déwi Sarah pon kitoe deui soeka manahna ningali aja tatamoe, sarta ladjĕng angkat ka dapoer dangdan sisihan pamasangan, sarta gogoréngan daging sapi roepa-roepa katoewangan kaolahan, aja anoe di sop, sakalangkoeng seungit matak sĕdĕp sambarana. Ari ĕnggeus parantosan olah-olah arasak kabéh, ladjĕng dihatoerkeun koe Déwi Sarah, ladjĕng nabi Ibrahim tjalik rék dahar, toeloej dahar, karana pangangggona nabi Ibrahim, ari dahar djeung tatamoe bari toendeuk baé, karana soepaja tatamoe oelah éraeun, ari Déwi Sarah hatoeran ka nabi Ibrahim: „noen gousti, éta tatamoe hĕnteu kĕrsaeun dahar, aja tafsir dina hidji soerat hoed, aja hidji lafad „idjlin-djaridin!"

Ladjĕng nabi Ibrahim ngadjak dahar ka éta tatamoe, ladjĕng éta tatamoe mésĕm sĕrta njingker tatamoe téh tjalikna, hĕnteu kĕrsaeun dahar.

Ari geus kitoe ladjĕng Déwi Sarah sareng nabi Ibrahim mikir sareng ningali ka éta tatamoe, liwat langkoeng bararĕsihna hĕnteu aja pisan kĕtjĕdna, sĕrta lemĕs koeréngna

djisim alas, ladjeng éta tatamoe mésèm deui, maka nabi Ibrahim sarêng Déwi Sarah gemeter salirana, nabi Ibrahim ladjeng njaoer salêbeting manah: „njata ijeu tatamoe téh malaikat!" Ladjeng malaikat téh mésèm deui sarta njaoer: „éh nabi Ibrahim djeung Déwi Sarah, mokaha oelah sampéjan sijeun² ka kaoela, karana kaoela piwarangan Goesti jang agoeng, dipiwarang ngadawoehkeun timbalan, tegêsna wahjoe jang wedi ka sampéjan doewanana, ajeuna sampéjan dipiwarang diparas kabéh djeung koemis koedoe digoentingan, ari salat koedoe nganggo kopéjah, oerang islam djaga koedoe noeroetan éta tjara sampéjan, karana éta ditarima kabéh pangabakti koe jang agoeng; ari raji sampéjan Déwi Sarah, éta koedoe nganggo moekena, sarta koedoe digêloeng malang, arina salat éta koedoe kitoe kersana jang agoeng, njéta noe ditarima pangabaktina koe Goesti téh!" Rendjeung deui éta garwa sampéjan Déwi Sarah, dipaparin poetra sahidji kasép kabina² ngaranna nabi ~~A~~ Ischak, bakal noeroenkeun doewa nabi, noe bakal djadi ratoe mangkoe nagara agoeng!" Barangna Déwi Sarah ngareungeu sasaoeran malaikat sakitoe, ladjeng Déwi Sarah ngadjerit nangis koe bawaning atoh njaoeh ka pangkoewan rakana bari ngarangkaël, sakalangkoeng adjrihna mah koe tatamoe, sabab éta malaikat kabéh, dipiwarang koe jang agoeng, koemaha pêtana boga anak, karana kaoela geus kolot kabina² sarta geus eureun palangan, geus pêgat gêtih!"

Ari geus kitoe hatoeran malaikat noe teloe téh ka nabi Ibrahim: „éh nabi Ibrahim, ajeuna kaoela amit rék toeloej ka nagara Sadoemoe, ka nagarana nabi Loet, karana ari oerang nagara Sadoemoe éta kabéh gawéna sok ngadjinahan lijang tai, henteu daikeun ka awéwé ngan ka lalaki baé, pada hal henteu aja noe maréntah!"

Sanggeus kitoe ladjeng éta malaikat gaib ti pajoeneun nabi Ibrahim.

Ajeuna katjarijos éta di nagara Samoedoe nabi Loet bendoe kabina², sabab ningali ka djêlêma anoe sok ngaboöl lijang tai, henteu beunang dilarang keukeuh baé sok ngadjinahan lijang tai, ari awéwé mah henteu aja gawéna, nabi Loet kaliwat bendoena sabab éta pagawéan diharamkeun, bangêt hoekoemna kalakoean kitoe téh, dosa gêdé matak

tjilaka balahi ti pangéran siksa gêdé.

„Héh oerang Sadoemoe, manéh oelah kitoe nja lalampahan, ari hajang boga éwé, kami boga anak geulis sarta koneng, djeung awéwé lijan ogé loba noe galeulis pisan, kop ka-win koe maranéh, soepaja maranéh oelah ngalampah-keun kalakoean kitoe éta!"

Dipaksa koe nabi Loet hénteu daékeun, keukeuh baé teu beunang diwoeroek koe nabi Loet, sarta djawabna oerang Sadoemoe, pok-na: „éh nabi Loet openan teuing, sarta kami hénteu sijeun koe pangéran nabi Loet ijeuh!"

Kotjap nabi Loet kagoengan garwa doewa, ari noe anom djênê-ngan njï Saïlah, anoe sêpoeh djênênganana njï Waïlah, pang-geulisna njéta njï Waïlah, ngan adatna goréng sok ngawoer-woer-keun ka gêgêden kapir sok miteuahkeun nabi Loet, ka anggal-anggal djêlêma atawa ka ménak-ménak kapir, modjar manéh na-bi Loet sok ngarodjok baedjoe, pada hal nabi Loet éta djê-lêma béresih kabina-bina, malihna éta nabijoellah hénteu pi-san bohongna tina padamêlanana, élmoena sidik, amalna soetji, éta moestahil nabi kitoe.

Katjarijoskeun aja tatamoe, toeloej oewar-oewar ka djêlêma loba, omongna: „nabi Loet ajeuna kasémahan koe djêlêma tiloe, éta mangké ti peuting bakal dirodjok baedjoena!" Éta djêlêma loba-loba pada daratang ka nabi Loet, pada naranjakeun.

Ari geus kitoe éta tatamoe anoe tiloean téh, matoer ka nabi Loet: „éh nabi Loet, ajeuna sampéjan njingkir masing djaoeh, karana ajeuna kaoela dipiwarang koe goesti jang agoeng, ngabinasakeun ijeu nagara, dipiwarang ngadatangkeun bêbên-don ka oerang nagara Sadoemoe; djeung garwa sampéjan ngaran njï Waïlah, éta kabêndon koe goesti jang agoeng, ari dosana sok ngaranan ngarodjok baedjoe kasampéjan, sok ngawoer-woer ka oenggal-oenggal djêlêma loba, modjar sampéjan sok nga-djinahan lijang-tai!"

Sanggeus kitoe ladjeng nabi Loet langsoeng ti boemina geu-geuwatan bari nangis, sabab njaäh ka garwa, hénteu njana pisan, teu ngimpi-ngimpi atjan, garwana bakal ninggalkeun karana dosana ka jang agoeng; ari nabi Loet geus djaoeh angkatna, toeloej aja soewara ngagoeroeh-goemoeroedoeg hoedjan batoe, dipiwarang ngagêmpal hoeloena njï Waïlah, toeloej bêntjar hoeloena njï Waïlah boeboeroek-oedjoer pisan paih, batoe loe-beut batoe hoedjan toeroenna ka nagara Sadoemoe, goeroe-

doeg batae loba katjida ninggang haelaena nji Wailah, rêmaek-adjaer kawas tipaeng pabaaer djeung taneuh, awakna adjaer pisan.
Ari geus kitae malaikat Djibrail pêtak-gêrak, soewarana kawas gêlap-sewae disada dibarêngkeun, sarta boemi datang ka Géndjlong, dibalik leimah djêlêna kapir paéh kabéh, sakaer nae aja di nagara Sadaemae, malah² datang ka ajeuna ngadjêmblong malong.

Katjarijoskeun nabi Ibrahim sarêng garwana Déwi Sarah kawas pangantén anjar baé, tjara baheula anjar nikah, asih nae taja babandinganana, ladjêng ngandêg babat. Ari ka salapan baelan ladjêng ngoro, poetrana pamêgêt langkaeng kasép, dingaranan nabi Ischak; katjap garwana daewa, nae hidji ngaranna Déwi Naerilah anae sêpoeh, nae kadaewa Déwi Rawian; ari Déwi Naerilah poetra nabi Laet ti Déwi Wailah téja.. Tidinja nabi Ischak poepoetra nabi Jakaeb ti Déwi Naerilah, nabi Iljas ti Déwi Rawian; nabi Iljas poepoetra Iljasang; nabi Iljasang poepoetra Salsa; nabi Salsa poepoetra Lagénda Raekman; Lagénda Raekman poepoetra Enaen; Enaen poepoetra Djalijah; Djalijah poepoetra Manan; Manan poepoetra Imrat; Imrat poepoetra tilae: kahidji Déwi Marijam, kadaewa nabi Haraen djeung katilae nabi Maesa baengsoena; ari nabi Maesa ana sasaeeran tjadél, sasakala baheulana eukeur waktae dikaekaet kae Radja Fir-'aon, dititah dahar tjaae djeung raehak haeraeng, ditjoba kae radja Fir-'aon, sabab aja têrkana goreng ka nabi Maesa, anae matak ditjoba disodoran tjaae djeung raehak-raehaj, éta mana anae ditjokot; Ari tadina mah nabi Maesa rék njandak tjaae, dihalangan kae Malaikat Djibrail, lahirna: „lamaen sampéjan dahar tjaae, posti sampéjan dipaéhan kae radja Fir-'aon, éta pangarahna djêlêna kapir kabéh nja djêlêna bodo!" Ladjêng nabi Maesa njampeurkeun raehak, ladjêng dihaewapkeun éta raehak téh kae nabi Maesa, nabi Maesa taetaeng ilatna, manana djadi tjédal nja sasaeerannana, kalaharita wêkasannana geus posti pidjêrêngeun ratae. Ladjêng nabi Maesa djêrêng Ratae, nabi Haraen djadi Papatih djaeraebasa ka djêlêna loba, sêrta tjaekael karataeannana, sabab hênteu kagaengan poetra pamêgêt, ngan kagaengan poetra istri baé, mana na taeraen ka alo, djadi

didoewakeun nagarana, njaéta Mêsir djeung Bani-israil.
Ari nagara Mêsir kae nabi Chalim, aja samita jang agaeng diaesaegan pêrang ti nagara Sanan, éta kaom „ngad" têgêsna kaom „djabbarin" ngaranna.„ Ari kaom ngad éta nja gêdé, nja djangkaeng, lamaen meuntas di sagara ngan wates toeoerna, kae bawaning kaliwat gêdéna, sarta gagah pêrkosa, aelah maen wani ngalawan pêrang, sangkilang njeuëung raepana ogé matak sijeun; arina pêrang sanadjan djêlêna laba ogé dirawaeau baé, daewa-paelaeh, tilae-paelaeh ditjanggeunnan baé, taeloej dialaengkeun ka laaet, kawas ngalaengkeun sireum baé rasana, éta djêlêna paraéh kabéh, awakna ngambang di laaet, aja anae dibantingkeun baé kana gaenaeng mani reinaek-adjaer djêlêna téh paraéh, lain lawaneun sabab djêlna gêdé katjida sarta djangkaeng, baro raah ngalawan djêlêna ogé dirawaeau baé daewa-paelaeh, tilae-paelaeh tjara ngarawaeau bangsal baé.„ Ari geus kitae gehgér oerang nagara Bani-israel, sarta tina parijêng para dipati malabaer, para santana maringgat kabéh, taja hidji radja anae tahan, sabab ~~lain~~ lain lawaneun, karana djêlêna beutik sakali ngarawae daewa-tilae paelaeh dikeupeul dialaengkeun, dina dampal leungeunna tilae-paelaeh, logor kénéh baé.

Ari radja Jaesang saréng radja Chalim, kaliwat saesah saekér kabina" hénteu kaddegaeun, sarta pada nangis nalangsa-saëdih sadjêroning manah, ladjeng pada saraeun radja Jaesang djeung radja Chalim téh, unggal" poë salat kaat saréng salat chadjat saban wêngi; sarta pada nénêda ka gaesti nae agaeng, pada naréda tallaeng ka nae kagaengan sipat kaedrat anae kawasa maéhan.„

Sanggeus kitae ladjeng aja sawara tanpa katingal, karaengae kae radja Jaesang saréng kae radja Chalim, ari lahirna: „éh Jaesang djeung Chalim, manéh aelah sijeun" potong baé kaom Ngad beuheungna kae manéh!"

Barang radja Jaesang saréng radja Chalim ngaraengae sawara kitae, ladjeng baé njangking pêdang-tambis titinggalna nabi Maesa, daewa pêdang wasijat djeung daewa panah, sahidji sêwang.

Ari geus sadija ladjeng arangkat ka enggon pêpêrangan, saemping ka pangpêrangan ladjeng manah srêngéngé, wani gaemaelaedoeg sawara malaikat di langit, salaba-

na malaikat pada naraetoepan srengenge, harita powék mongkleng-baeta-radjin teu katindjo naon", radja Sarsan teu ngadeulen. „ Sanggeus kitoe radja Jaesang djeung radja Chalim laentjat ka radja Sarsan, ladjeng ngarajap naék ka laehoer, meunang opat djongdjongan kakara nepi kana taktakna radja Sarsan, ladjeng éta radja daewanana pada naratek pedangna, ladjeng dipotong beuheungna radja Sarsan, geus kitoe karasaeun kae radja Sarsan pangrasana kaetae atawa reungit njongtjong, taeloej diaesap, radja Jaesang djeung radja Chalim teh njarosod tina taktakna tina taktakna radja Sarsan, njorodot ragrag ti djungkang, ari datang kana taneuh mani geus tjalangap baé, sa-doewa radja téh satengah maot, ragrag tina taktak ladjeng pada ngarandang tina enggonna radja Sarsan, taeloej njingkir.

Katjarijoskeun malaikat Djibrail petak-gerak saperti gelap sarewae disada dibaengkeun, taeloej kaom Ngad éta raebaeh ka taneuh taeloej paéh, ari sawarana kawas goenoeng oeraeg baé, mani gingguung bami-alam téh, sarta tjai sagara gendjlong asa langit rék raebaeh baé, saboewana mani ngarboenggoeaek laeganna radja Sarsan saperti goenoeng Oehoed raepana, kae bawaning gedé-laehoerna éta Radja Sarsan.

Katjap deui nabi Haraen ladjeng kagaengan paetra Haris, nabi Haris paepaetra Malih; Malih paepaetra Chidjlik; Chidjlik paepaetra Maenifa; Maenifa paepaetra Oedjer; Oedjer paepaetra Aisa; Aisa djadi ratae dinagara Mesir, kaandih kae ratae kapir, ladjeng Aisa angkat ka leuweung djaerang, ladjeng midamel lembaer Mesir, ari geus anggeus dingaranan lembaer Aspar, njaéta damelan Aisa, ladjeng tatapa dina lembaer Aspar sarta ngadamel balékambang djeung masigit leutik di tengah"na, minangka patapaän, di sisina dibilik, saban" peuting damelna henteu pegat njepi salat kaat sareng salat Chadjat, ari ti beurang paewasa, neda" ka jang agaeng njachaenkeun pitaelaengna miwah ka para Anbija", panenedana kieu: „ ja Allah ja pangeran anae maerbeng saälam kabéh djeung gaesti para Anbija, maegi" taelaengan ka moeminna!"

Ari geus kitoe aja saewara tanpa katingalan, pakeling jang agaeng ka Aisa: „ éh Aisa, apuna masing sabar baé heulaän, sakeudeung deui mangké ditaelaengan kae jang

agoeng, bakal aja manoesa boedak tjabol datang ti peuting, arina dijoek mah saraeua baé djeung noe loba, ngan arina nangtoeng koerang loehoer; djaga lamoen datang éta boedak-djabol anoe ngèlèhkeun ka noe kapir, djeung deui karatoewannana gèdé sorangan, hènteu aja noe madanan; anoe kènit toedjoeh-ratoes lobana dina saporé-sapeuting."

Katjarijoskeun Aisa ari geus lawas, ladjeung kagoengan poetra pamègèt sarta tjabol, dingaranan koe ramana nabi Daoed. nabi Daoed kagoengan poetra nabi Soleman anoe leuwih beunghar, hènteu aja deui di alam-doenja anoe madanan ka nabi Soleiman kana kabeungharannana; nabi Soleiman poepoetra sang Dedajana; sang Dedajana poepoetra sang Permana; sang Permana poepoetra Gèndang; Gèndang poepoetra Manan; Manan poepoetra doewa: kahidji Ali-Imbran anoe djadi ratoe di nagara Baboel; kadoewa nabi Djakarija; nabi Djakarija poepoetra nabi Jachja, njaéta anoe kinasihan koe Allah taála, da eukeur mangsa diajam geus djènèng nabi. — Katjapkeun Ali-Imbran poepoetra istri djènènganana Déwi Marijam; Déwi Marijam poepoetra nabi Isa, roeh kaedaes sakalangkoeng seungitna, ijasa ngahiroepkeun anoe paéh, ijasa ngawarasken kasakit bèlang, ijasa ngadamèl manoek koe leutak toeloej dihibèrkeun di awang²; lamoen aja noe maéhan, hoekoemna nabi bahoela kedah diganti koe arta, soekana walidam, eukeur mangsa oemoer teloe-poeloeh taoen éta nabi Isa nambaán djèlèma mèrèm toeloej tjageur.

Njatoerkeun nabi Isa dina waktoe magrib disaoer ka langit kaopat kèrsa jang agoeng, anoe ngagotong para malaikat baé, ari iboena nabi Isa moentangan baé hajang miloe ka poetra, tidinja nabi Isa njaoer, lahirna: „iboe oelah angkat, karana hènteu aja timbalan goesti noe agoeng, djaga baé moal tjidra meureun panggih deui kaoering djeung iboe dina poé kijamat di sawarga, njèpi papanggihna, moal tjidra Allah taála mah, ka kaoela sakitjeup mata ogé moal salah, pasti meureun papanggih djeung kaoering!" Geus kitoe toeloej iboena oeloek-salam ka kang poetra sarta bari nangis, ladjeung iboena toeroen lalaoenan.

Ditjarijoskeun nabi Ibrahim poepoetra pamègèt kasèp kabina² ti Déwi Siti Chadjar, djènènganana nabi Ismail,

djoemêneng ratoe di nagara Mêkah; ari nabi Isehak djêneng ratoe di Bêtal-moekadas. –

Daepi awitna aja koerban, njaéta nabi Ibrahim anakna dipiwarang dipeuntjit koe pangéran maha agoeng ditjoba noeroet hênteuna, dipeuntjitna koe ramana bari moengkoer, panjarijosan ari geus meuntjit poetrana ladjeng moelih ka boemina, barang soemping ka boemina ditingali poetrana aja kénéh tjalik di boemina, horéng mah digantian koe êmbé, djadi salamêt baé nabi Ismaïl mah teu keuna kapeuntjit ngan êmbé anoe dipeuntjit téh, sarta toeloej paéh. Tah kitoe awitna noe matak aja koerban, awit ti nabi Ibrahim ditjoba koe goesti jang agoeng noeroet hênteuna.

Katjarijoskeun nabi Ismaïl poepoetra Moetarang; Moetarang poepoetra Malad; Malad poepoetra Adjmah, noe djoemêneng ratoe; ladjeng poepoetra ngaranna Kinajah; Kinajah poepoetra Tafsir; Tafsir poepoetra Gaïb; Gaïb poepoetra Abdoelmanaf; Abdoelmanaf poepoetra Hasim; Hasim poepoetra Abdoelmoetalib di Mêkah; Abdoelmoetalib poepoetra Abdoellah.

Katjarijoskeun Abdoellah garwana poetri geulis kabina², djênengannana Déwi Aminah, poetra radja pandita di Tihamah nagarana. Daepi Abdoellah poepoetra Kangdjeung nabi Moechammad salêllah-alaihi-wasalam, anoe pangmoeljana teu aja bandingannana saälam doenja ogé, djadi Soeltan sakabéh nabi², djadi ratoe sakabéh anbija², ngan Kangdjeung nabi Moechammad anoe dileuwihkeun koe Goesti jang agoeng; ari diowokeunnana Kangdjeung nabi téh, dina malêm Isnén tanggal 12 boelan Rabiöel-awal taoen Dal, wajah isa.

Daepi Abdoellah arina kahatoeran kêmpot pipi, panangannana bêntik katjida.

Ditjarijoskeun lilana ti watês nabijoellah Adam toeroen ka doenja nêpi ka lahir Kangdjeung nabi Moechammad geus dalapan réwoe taoen; dina taoen wao di itoeng deui ti watês toeroen nabi Adam dikoempoelkeun sarêng hidjrah nabi ajeuna djadi dalapan réwoe-doewa ratoes poendjoel opat-poeloeh-doewa taoen.

Katjarijoskeun deui anoe nginangan Kangdjeung goesti rasoelloellah-salêllahoe-alaihi-wasalam awong loemboer Sidijah nagara Oerén, djênengannana Nji Mas Chalimah kaliwat

miskinna, ari seug nginangan Kangdjeng nabi Moechammad salellah-alaihi-wasalam, dadak sakala toeloej beunghar sarta tambah geulisna éta nji Chalimah; ari tjarogéna nji Chalimah djenenganana Ki Charis, djélèna wèdoek kana sagala, sanadjan panonna mèrèm ogé. djeung deui éta nji Chalimah sanggeusna nginangan Kangdjeng rasoeloellah, dadak sakala tjageur panjakit rodékna, djeung sagala djélèma anoe deukeut ka pakoewanna nji Chalimah, éta bèrkat-sapaät baé pada salamèt, djeung sagala kadaharan moerah, bèjas moerah, sagala pèpèlakan djaradi kabèh, waktoe harita pada soegih hènteu koerang sandang-pangan, bèrkat-sapaätna Kangdjeng gusti nabi Moechammad.

Kotjapkeun garwana Kangdjeng nabi Moechammad kabèhna salapan, sarta sadajana pada ijasa ngaos, saèng garètal ibadah, kitoe deui saoem Isnèn-Chèmis, asrak salat istichalah, Moecha, taät sèrta chadjat, saoemna bèl sarta walil; doepi garwana anoe sèpoeh djenenganana nji mas Fatimah-sari, kadoewa Dèwi Chadidjah poetrana radja Madinah, katiloe Siti Aisah poetrana Aboebakar-sidik anoe tjalik di nagara Madinah, kalangkoeng beunghar-na, asalna ti nagara Mikah, kaopat Siti Mèmoenah poetrana radja kapir ti nagara Maled, kalima Siti Djènab poetrana radja kapir ogé, kagènèp Dèwi Sapah, katoedjoeh Dèwi Chafah poetrana radja Moesrik, kadalapan Oemi-Kalsoem, kasalapan Oemi-Salamah poetrana Oemaroelfarak poetra toeroen ti gaenaeng; ari anoe dipangka~~[illegible]~~ meumeutna djenenganana Dèwi Marijah poetra radja Eroem, sakalangkoeng geulisna, leinggik, ramping, konèng, sarta tangginas, saègèp tijasa ngawoelana, tetep idèp, tatakrama, hènteu aja koetjiwana saesoena kakara njèngsèng, manah aloes sangit, dianggo kaasih pisan koe Kangdjeng nabi, hènteu pètjat sadjeungkal~atjan, koedoe baé dikoekoechan ti beurang ti peuting; ari garwana anoe lian mah, pada sèngit ningali Dèwi Marijah, lamoen tjalik di gèdong digèdengkeun baé, saoerna noe loba tèh: „sok hajang ootah peudjit lamoen kongang mah, moen éndjo diamboeng bari diroengkael!"

Djadi asalna basa Siti tèh tina garwana Kangdjeng nabi; ari garwa éta djadjamahan.

Doepi Kangdjeng nabi poepoetra dalapan, pamègèt opat, istri opat, noe pangtjikalna Dèwi Fatimah-nifsi, kadoewa

Déwi Roekijah, katiloe Kalsoem, kaopat Siti Djénab; ari poetra pamégět tjikalna bagéndà Kasim, kadoewa Tajib, katiloe Tahir djeung noe kaopat Taha, éta kabéh paepaes baréwj ~ baé .. Daepi Kangdjeung nabi Moechamad tjalikna di Madinah meunang tiloe-likoer taoen.

Katjarijos dipaparin pakéling goesti rasoeloellah-salëllahoe-alaihi-wasalam dina malëm Senén bada isa boelan Rabi-oel-awal tanggal 12 taoen Wao, goemēdēr saboewana, goenoeng roegroeg sagara saät, srengéngé, boelan, béntang sirëp-didët, angin, hoedjan rintik ~, sadajana pada narangis, saboewana kabéh bingoeng kapijoehan, para-wali pada narangis, kabéh mëmin, moekadam sakoerina Madinah kolot, boedak pada gëgëroeran, geus poegoeh istri ~ mah pada sasambat ka Kangdjeung nabi sabab ditinggalkeun koe panoetan.

Katjapkeun saoengkoerna, para-wali kabéh, anoe djoemënëng ratoe goesti Aboebakar-sidik tinampanan agama sarapati poepoet sajidina panagama éh marhoem wali panoetan, wakoedratil-islami .. Keur mangsa djoemënëng Aboebakar-sidik djadi Chalifah di nagara Madinah, marintahkeun këntjëng katjida kana salat, djadjakat, adoes-djanoeb, pitrah, moenggah Hadji; bab nikah, bab waris, sasnat, éta kabéh dipërloekeun, saha ~ noe teu ngalampahkeun tangtoe didjara sërta dipaéhan; Ari lawasna djadi radja meunang doewa taoen ladjëng paepaes, digëntos koe bagéndà Oemaroelfaroek anoe djadi ratoe di nagara Madinah, rëmpoegeun para-wali kabéh, Oemaroelfaroek didjoengdjoeng ratoe di Madinah .. Sang nata Oemaroelfaroek-ingalaga-abdoellah-amiril-moeminin-panatagama djoemënëng ratoe, meunang bojongan sëwoe nagara, sakalangkoeng digdjajana Oemaroelfaroek dina pëngpërangan, para-radja pada toendoek kabéh ka ~~Madinah~~ Madinah, ngan meunang dalapan meunang dalapan taoen djoemënëngna ratoe, ladjëng paepaes sabilaellah .. Ladjëng digëntos koe bagéndà Oesman-soeranara-dipati-ingalaga-danoeran-marhoem-sajidina-panatagama-abdoerrachman-amiril-moeminin-wakoedratil-islami, meunangna bojongan doewa-wëlas nagara, meunang opat taoen bagéndà Oesman ladjëng paepaes ..

Geus kitoe digëntos koe bagéndà Ali-karamoellah-wadjhoe-moertadla djoemënëng ratoe, ari gawéna

Siti Fatimah; Siti Fatimah poepoetra Chasan-choesén, ari bagénda poepoesna tiheula, kantoen bagénda Chasan-choesén njalira baé ladjĕng garwaän ka Déwi Koeraésin poetrana amiril-hamnirat di nagara Adjrak. Kami² Déwi Koeraésin poepoetra opat: kahidji Moechamad-ali Chanafiah, kadoewa Kogan-toerki, katiloe Ibrahim-isteroek, opat Oemar-fadam, éta kabéh poetra bagénda Ali pada djoemĕnĕng ratoe masing² nagarana, sarta kasohor pada garagah kabéh éta poetra bagénda Ali-radlijallah-'anhoema.

Katjarijoskeun Jadjid-kalam boga anak Mahawijah djadi radja Asem, ari radja Jadjid-kalam téh boga pikir ka poetra radja Eroem aja di nagara Madinah, djĕnĕnganana Soeltan Eiman Déwi Saribanon, kalangkoeng tina éndahna, tjahajana montjorong saperti boelan poernama opat-wĕlas poréna, montjoer² tjahajana saperti widadari baé énkeun ngalajang. Tidinja radja Jadjid-kalam ngomong ka bapa Hoerérah papatih djĕro, ari papatih loewar ngaranna Marwan: „hé bapa Hoerérah sarta Marwan, ajeuna koedoe leumpang ka Madinah geuwat² tjeu datangkeun panglamar kami ka Saribanon, kami sakalangkoeng nja bogoh, soréisoek geus katĕndjokeun baé, moega² baé kadjodokeun koe kami!"

Tidinja patih Hoerérah amit-njĕmbah, toeloej leumpang doewa papatih.

Katjaritakeun baheula djoeragan boga boedak awéwé ngaran Déwi Sasmaja anak djin Abidin nagara Adjrak, boga hidji dingaranan Moesibaen, ising-isingan² djeung rakana amĕng², ngan djeung bagénda Choesén di loeboeroeng waktoe 'asar pada nitihan koeda, ladjĕng kapapag koe patih Hoerérah, bagénda Choesén mariksa: „rék kamana patih Hoerérah?"

Wangsoel patih Hoerérah bari njĕmbah: „sim koering dipiwarang koe radja Jadjid-kalam ti nagara Asem, anoe disĕdja koe radja ngan poetra Sari-banon anoe katjipta dina salĕbĕting manahna!"

Barang bagénda Choesén ngadangoe sasaoeranana patih Hoerérah, ladjĕng mésem, geus kitoe ditoempangan, lahirna bagénda Choesén: „éh bapa patih, kami mikapé omong,

lamoen poegah teu daikeun ka Jadjid-kalam, kami mihapé panglamarkeun ti taekang baé, kitoe sotéh lamoen geus poegoeh teu daekna ka Jadjid-kalam, taeloej omongkeun pikapéan kami teja, soegan baé soediëun ka kami ka santri boedoeg sarta miskin!"

Saoer patih Hoerérah bari njëmbah: „noen soemanggo!"

Geus kitoe ladjëng Ki patih Hoerérah njëmbah mangkat ngadjoegdjoeg Déwi Sari-banon, kapëndak keur tjalik dirijoeng koe babau² na, sérab Ki patih nëndjo roepana Déwi Sari-banon, maka Ki patih oendjoekan sarta bari mëndék², njoeun dampal panangannana, saoerna: „noen goesti, sarëhna sim koering dipiwarang koe radja Jadjid-kalam ti nagara Atsëm badé ngalamar ka salira adjëngan, manawi adjëngan rëmpag dina manah, panëda moegi kërsa!"

Atri Déwi Sari-banon teu njaoeran saketjap-ketjap atjan, ngan seuri baé, sëmoena teu kërsaeun, nëpi ka saeraep srëngengé teu pisan njaoer kërsa atawa hënteu.

Tidinja Ki patih oendjoekan deui: „moegi agoeng panga-poentën, wiréh sim koering katalatahan koe bagënda Choesén, saoerna manawa tërang manah bagënda sëdja ngalamar ka adjëngan, kitoe ogé noen adjëngan ngalaunajankeun ka santri boedoeg sarta miskin, kitoe saoeranana téh eta bagënda Choesén!"

Déwi Sari-banon ngawangsoel bari mesëm: „alah mantak karoenja teuing noe ngalamar téh nja bodo nja miskin!" sarta tjahajana bari ngagëbjar², waasna tjara kilat nangtang hoedjan, tjahja mantjoer djëg koewoeng², seurina matak kalëliban, sëmoena kamanah koe Déwi Sari-banon; geus kitoe taeloej patih Hoerérah njëmbah pamitan, taeloej boempang, sarta barang datang ka radja Jadjid-kalam taeloej dioendjoekeun satingkah polahna Déwi Sari-banon, jén sëmoena hënteu kërsaeun. — Radja Jadjid-kalam langkoeng poendoengna, dadana mani beureum sarta hoeroeng koe bawaning ambëk, sarta bosongot tjara anoe rék maihan djëlëma anoe teu bogo dosa roepana, koe bawaning keuheul hatëna ngalamar teu ditarima, tinggal gandang-gëndëng koetoek-gaewés, dipoek salah nangtoeng salah, handjakal baé noe aja téh.

Katjarijoskeun poetri Sari-banon mikir salëbëting manah, lahirna: „pikaemahaeun teuing awak aing, lamoen lakijan ka radja Jadjid-kalam, radja kapir soegih banda, loba arta,

tjindékna teu pisan kakaerangan, tatapi sanadjan kitae agé tangtae djagana bakal sangsara, nja disiksa kae jang agaung; tjaba lamaen lakijan ka santri Chaesén mah inja agé malarat teu baga radja-kaja, tapi bakal maekti djagana di acherat, sarta meureun ditAsaepkeun ka sawarga, ari sawarga téjo lamaen ditandingkeun djeung alam-daenja, tilae-ratees pangkat alam-daenja masih alaes kénéh sawarga sahidji.

Ladjeng Déwi Sari-banon njérat, aengelna kijeu: „ sérat „maegi kasanggakeun ka pajenan Gaesti Chaesén, ingkang maelja ing Madinah.
„Kaaelanaen, hawijasing ijeu sérat sim kaering hataer aeninga, „aepami jaktas sampéjan badé ngérsakeun ka diri sim kaering, „satampina ijeu sérat maegi sampéjan inggal" saemping ka rorompok sim kaering, saréng ladjéng aerang nikah baé, margi „bisi kasédék dongkap ratae anae ti heula ngalamar, karana éta „ témahanana djadi puang gédé, kaemargi éta satampina ijeu „sérat maegi sampéjan ladjéng angkat baé, Kaelanaen!"

Saparantosna sérat ladjéng miwarangan, teu katjarijos di djalanna, katjapkeun népina baé ka baemina bagénda Chaesén, ladjéng sérat téh disanggakeun, barang ditingali jén éta sérat kitae aengélna, ladjéng bagénda Chaesén angkat ka baemina Déwi Sari-banon, ana saemping téh geus sadija bugkép pisan, pasadérékan pada kaempael sadajana, teu lami taelaej nikah, njaéta dina poeé Senén baelan Maecharam tanggal sapaelaeh taoen Dal, mangsana keur katiga, saparantosna nikah ladjéng méndakan istrina Déwi Sari-banon téjo, pada saekabaengah, alah-batan ninimang anak.

Katjarijoskeun radja Jadjid-kalam njaeer ka patih Haerérah, saeena: „ éh patih, tjaba ajeuna manéh beumpang deui, tégéskeun ka Sari-banon masing paegah, tanja kaemaha daék henteuna, aepami teu daékeun kae kami rék dipérangan, tangtae kae kami degémpaer nagara Madinah didjijeun sagara gétih; lamaen geus paegah daékna geuwat" kae manéh bawa kadijeu, kae kami rék dipapagkeun kae djélema sanagara kabéh !"

Geus kitae papatih daewa téh njémbah amitan ladjéng angkat ka nagara Madinah, barang datang ka Madinah taelaej asaep ka djéro kasampak Déwi Sari-banon geus nikah djeung bagénda Chaesén; tidinja patih Haerérah djeung patih Marwan téh maelang deui, dihataerkeun ka radja Jadjid-

kalam jén geus nikah Déwi Sari-banon djeung baginda Choesén.
Barang Jadjid-kalam ngadangoe papatih kitoe, liwat langkoeng béndoena, sarta soesoembar, lahirna: „ lamoen aing enweuh kasérab, nistjaja ajeuna ogé diroeroegan ka Medinah, ngan palangan saeutik aja kénéh ramana djoemenéng ratoe kénéh baginda Ali, djadi ngan kari bati éwach-soesah baé aing téh ajeuna!"

Radja Jadjid soesaheun katjida, ari rék ngaroeroegan héntoe kadoega, da masih kénéh aja ramana baginda Ali, geus lain lawaneun manoesa, djadi woeroeng rék perangna. ———

Wallahoe-alam bisawab.